«Утверждаю»
/Асельдеров Х.К.

# Конференция

# «Рокьул т1егь»

## Х1усен Х1ажиев

## КОНФЕРЕНЦИЯЛЪУЛ ПЛАН:

1.Учителасул цебераг*I*и.

2.Х*I*.Х*I*ажиевасул биография.

3. «Рокьул т*I*егь» абураб т*I*ехьалъе аннотация.

4.Докладал ц*I*али.

5.Отзывал ц*I*али.

6.Т*I*абиг*I*ат ц*I*униялъул к*I*варалъул бицин.

7.Инхоса Г*I*алих*I*ажияв «Т*I*абиг*I*ат берцинаб жо».

8. «Т*I*абиг*I*ат ц*I*уне».

## *1.УЧИТЕЛАСУЛ ЦЕБЕРАГIИ*

*(Щиб тема кинаб къагIидаялда ине бугеб)*

## *2.ТIАБИГIАТ ЦIУНИЯЛЪУЛ КIВАР.*

*ТIабигIат-гьеб буго нилъер гIумру. ТIабигIат хвани нилъги рукIунаро. Жакъа цониги вашиларо экологиялъул масъала бегIерго цебе чIун букIин лъаларев чи. Гьеб бичIчIулеб жоги буго,щайгурелъул инсанас загьруяб хIухьел цIазе,чорокаб лъим гьекъезе , чорхода унти кколеб квен кваназе бегьуларелъул. ТIабигIат киназего бокьула ,амма киназго гуро гьеб цIунулеб,чангияз щибго къваригIел гьечIого къотIун рехула гъветI,гIиязе,цIцIаназе чIор кваназейилан гIаркьалаби рекула гьелъул,гIурдаллъиялда бакъвараб херайда гъола цIа,бала лъелъе чорклъи,гьениб бакънал рачунеб хIинчI рехула чIван,мерхьуна,хвезарула тIугьдул.*

*Гьединаб щщха тIабигаталде бербалагьи букIине кколеб? Гьединав чиясда нилъеца чIаян абизе кколарищ? Гьединав чиясда абизе кколарищ дуцайищин гьеб гъветIги,херги,хIинчIги бижизабун,гIезабун букIараб,хвезабугейин гIадамазе рацIцIалъиги,сахлъиги,берцинлъиги.*

*Нилъ щивасда цебе чIараб масъала буго тIабигат цIуни,гьелде квер борхулев чи къан квер ккун чIезави.НилъедасагогIисиназ гьеб цIуниялда,гьезие гьеб бокьиялда тIад нилъецаги хIалти гьабизе ккола.Гьел гьеб бокьулел васал руго ХIусен ХIажиевасул «Рокьул тIегь» абулеб тIехьалда.*

## *ХIУСЕН ХIАЖИЕВАСУЛ БИОГРАФИЯ.*

*ХIусен ХIажиевасул къисаби харбал ккола гьоркьохъеб гIелалъул лъималазул бищунго рокьулезул цояллъун.*

*Гьавуна ХIусен ХIажиев ГIоцIалъ росулъ,гIарцул устарзаби гIемераб,имамХIамзатилВатIаналда.ГьитIингобижанагьесул литератураялдерокьи.ГьесгIемерхъвалалъималазехарбалва къисаби.Гьединазулцояблъунккола 1987 соналъкъватибебиччараб «ГIанса-хIанчIилбакънал» абурабкъисабазулвахарбазултехь.1981 соналдакъватибе биччараб «КвартIилкIутIи» абурабтехьалдарахъунругозахIматалъул гIадамазулбахIарчилъиялъулбицунелочеркал.1992 соналда «Гьудуллъи» журналалдатIоцебесебномералдабахъунбуго «ЧIегIерабгамачI»абулеб хабар. ГьебгосоналъкъватибебиччанбугоХIусенил «Рокьултегь» абураб къиса.*

## *XI.XIАЖИЕВ «РОКЬУЛ ТЕГЬ»-КЪИСА*

### *А Н Н О Т А Ц И Я*

*XIусен XIажиевасул «Рокьул тегь» абулеб къиса къватибе биччана 1992 соналда. Гьаб тIехьалда бицунеб буго XIадисилги XIадисил гьудулзабазулги. Гьезул рижараб ракьалде,тIабигIаталде,гIадамазде бугеб рокьиялъул.*

*Гьаб техь хъван бугогьоркьохъеб гIелалъул лъималазе цIализе.*

### *XI.XIАЖИЕВ «РОКЬУЛТЕГЬ»*

### *1 –БЕТIЕР.*

*Хъудулебго хъудулеб букIана гъабургъараб гор.Гьелъул хъуди багъулеб букIана XIадисил ботролъ. «ГIажаибаб ракIалде щвеязул цIураб къо буго жакъа»,-ян ккана гьесда ракIалде.Барщулеб буго карц,жиндирго ихтияралде лъугьунеб буго рии.ГIурул рагIалда эхетун вуго XIадис,гьев пикрабалъ вуго,ракIалда буго нахъа хутараб лъимерлъи. Гьесде аскIоре рачIана гьалмагъзаби.Гьезда цеесан ана цо берцинай яс. Ясалъухъ лъикI балагьунги чIун цояс абуна гьей СахIиб йигилан. Гьей йикIана кIалъай дагьай , гIунарай,бихьинчиясулаб гIадаб хасияталъул яс. Гьелъ бокьарав вас къезавулаан гугарунги,екерунги,гамачI рехунги,цIер чIвараб гIурдадасан хъещтIонги.*

*XIадисида ракIалде щвана ясалъул кIодохъе гьоболлъухъ БахIаразул нохъоде жалго араб мех. Гьел гьенире Сайгидица рачун рукIана.Гьеле гьеб къо букIана гьесул тIоцебе тIабигаталде рокьиялъе гьа бараб къо. Гьенире ине кколаан цIакъ хIисабалда,гъоркьан гIор беролеб чарамул кьурул рагъиялдасан хъурщунги, гьенисан лъураб хъорщода тIасанги, кьурул керееналда кверал чIва-чIванги. XIинкъарабги берцинабги нух букIана гьеб.*

*Кин бугониги,хIинкъараб нухги нахъа тун, гьел щвана БахIаразул нохъоде. Сверухълъиялде балагьараб мехалда гьенисан рихьулаан кьурабиги,гIорги,доба кибалиго рикIкIада бугеб зобги. ГIажаибаб*

*цlаралъул гьеб бакl букlана гlурул рагlалда ва кьурул ракьанлъуда, кьуруги мегlерги жубараб борхалъуда. Залимаб киябго кьуруги гъваридаб хьагил тlиналда бугеб гlадаб гьеб жаниблъиги кlийиде бикьизабун букlана кlудияб,гучаб,рахlму гьечlеб гlоралъ.*

*Гьел рачlиналдаса йохарай кlодоца гьезие гlемераб хабар бицана гьеб бакlалъул хlакъалъулъ. Гьеб хабаралда хадуб регизе ине заман щола. Лъималги киналго цадахъ Бахlаралъул нохъодехун ралагьун уна.*

## *2- БЕТЕР*

*Харил бусалъ макьу кигlанго гьуинаб букlаниги,радал хехго тlаде рахъана лъимал. Гьез байбихьула жидерго макьуялъул бицине. Гьебго заманалда гьезул хабар ккола мугlрузда тlасан. Гьезул цояс абула гьал мугlрузул чlахlалъиялъул пайда щибин, гьаниб кибниги магlдан гьечlелъул.Мискинал кьураби кьун ругин Дагъистаналъе. Цогияс абула щайин гьал мискинал рукlунел,дандерижиязул кьабун цlун ругин гьал. Дандерижаби гуребги кигlан бокьаниги чlабтlиги бугебха.*

*Лъимал гlурухъе ччугlби кквезе,чвердезеги уна. Хlадисил тlилида ратана гlемерал ччугlби,гьезда гьоркьоб киназулго кквезе анищ букlарабмасакlги букlуна. Лъималазда гьеб киданиги бихьун букlинчо. Кlодогицин ячlана гьение. Лъималаз гьеб гьитlинаб хlорги гьабун гьенибе гъуна. Лъедолеб букlана чlурканаб масакl,кlолеб гьечlо гьелда хlориниса къватибе бахъизе. Лъимал абуни гlорцlулел гьечо гьелъухъ ралагьун.*

*Заман щвана Бахlаразул нохъоялъулгун къолъик гьабизе. Цоги нухалъ раккана гьел жидерго салул иццухъе. Рокъоре тlадруссунеб мехалъ масакlалде асклоре рачlана лъимал,ралагьана гьеб берцинаб рухlчаlголъиялъухъ. Хlадис хlорида цеве накабазда чlана,эркенго кодобеги босун,гlурухъе ун биччан тола. Цо лахlзаталъ гьеб лъадал матlуялда тlад лъедола,рачl хьвагlизе гьабула. Жибго эркенлъиялде борчlун букlин бичlчlун иццул тlиналде тlерхьун ана. Лъимал рихxун хутlана Хlадисида,цинги гьезда бичlчlана гьев масакlалда гурхlун вукlин. Лъимал ине хlадурлъула. Кlодоца Хlадисида яцги ячун вачlаян абула. Ракl гlатlидай кlододехун рокьиги хlурматги гьазул дагьабги цикlкlуна.*

## *3-БЕТIЕР*

*Гlасиго цlорораб бачlана хасел. Хадур ккун рачlана дагьалго хинал къоял, дагь-дагь ккун биине лъугьана гlазу. Цо гьединаб къоялъ Хlадисицаги яцалъги хlукму гьабуна Бахlаразул нохъоде ине. Бугъагlадин гъулгъудулеб, къватибе кlанцlизе бакl балагьулеб бугоан гlор, тlад цlер букlаниги. Дагьаб добегlан гьеб цlорол асирлъудаса борчlун бугоан вазобалазул кунчlиялде данде паркъолеб бугоан гьелъул бацlцlадаб бецlхъахlилаб гьумер. Бахlаразул нохъоялдаги биунеб букlана бицатго бараб гlазу. Басрияб тlингъида рарал рукъаби киниги бихьула мугlрузда гlазу. Кlодо гьездаса цlакъ йохана. Лъимал масакlалъе бараб хlор бихьизе ана. Нахъисеб къоялъ гьал рокъоре рачlунел рукlана,гlоралда бугеб цlералда тlад лъим бугоан.*

*Кигlан Сайгид данде чlаниги яцалъ жиндасаго хьитал рахъула ва Сайгидги гlор бахун доб рахъалде ваччула.*

## *4-БЕТIЕР*

*Цlалун лъугlана. Лъимал хlалтlизе лъугьана. Гьез чlвалаан гъутlби, бахъулаан кlудияб татавул, хурзал лъалъазе халатаб рахъ, баччулаан рак. Гьел хlалтlула рукlана чlахlиязда ращад. Гьез гlуцlана чlахlиязулгун къец базе жидерго бригада. Гlемерисеб мехалъ бергьенлъиги гьазухъе щолаан. Цо-цояз махсара бицин гьарулаан оцаздаса бусби бергьунеб гlадат гьечlилан, цидулгун гении кунгейилан, кваназе гурони жидеца нуж цере тlезе гьечlила. Хlажицца абуна нужеца лъимал ралъаргъунгейила. Гьал хlалчlахъадал ругила, хlалтlизеги хlалтlулила,малъарабги гьабулила, щиб жоялицин кlвахlги лъаларила,эбел-эменго гlадал захlмат хириял ругила, гьединал рукlунила лъикlаб хъизаналда гlурал лъимал, бикъуларила,гьереси бицунарила,хlалихьалъи бихьизе толарила. Чан къварилъидила нилъеда цадахъ гьездаги бихьараб. Хlадисил вацгlаласул самосвалги бачунаан гьез ригь-ригьалда. Гьедин унел рукlана хъутаналда къоял.*

*5-БЕТIЕР*

*Хъутаналда сардал руклуна гlажаибго бецlал. Росулъгlадин гlагардегlан гурел, цlакъго рикlкlадегlан рихьулаан цlваби. Цо къоялъ киналго гьалмагъзаби ракlарараб мехалъ Хlадисица абула рачlайин нилъеего памятник базе. Цо-цоял рихxун хутlула. Амма гьесул пикру бичlчlиндал лъимал сихl тун чlола. Гьесие бокьун букlана татавулалъухъа конторалде щвезегlан берцинаб нух гьабизе ва гьелъул кlиябго рахъалъан гъутlби чlезе, гьелги рицlил ялъуни бигьаридул. Ясалъул гъалалгlадин гъал-гъал арал гlаркьалаби руклуна рицlигъотlол. Цин эхеде уна гьелъул гlаркьалаби, ракьалъухъ чlалгlарал киниги хадур гlодорехун сверула, тlеренал хьопал гьороца хьвагlезарула. Бигьародул гъутlбийин абуни руклуна рорхатал, берцинал, ясалгlадал чергесал, гьезул тlогьол хьвагlолеб мехалъ раклалде кола бахlаралъул хъахlаб кlазалда жаниб хlеренаб гьури бан батилилан. Гьел чlахlиял гlураб мехалъ кигlан берциндай букlина. Багlарараб мехалъ гьенире рачlина хlалтlухъаби, рещтlина рагlдукь, гlодорчlела скамейкабазда. Гlурччинал, ризал гlаркьалабаз гьабила гьогьен, гьезда тlадги чlун хlанчlаз рачина берци-берцинал бакънал, булбулалъ ахlила хlасратал бакънал. Киналго разилъана гьелда. Гъутlби Хlажица ралагьула. Жидерго рагlи ккун васаца гьеб нух къачlала,гъутlбиги чlвала. «Гlолилазул аллея» абун цlарги реклана васаз гъутlби чlараб баклалда. Гlодиялде ккун ячlана Жамилат Хlажил кабинеталъуса къватlие. Унтарай эбелги жийго тун жиндир жо ккоиарила гlи магlарде бачун ине. Лъималазда бичlчlула Жамилатидаги Хlажидаги бугеб хlал. Жидедайищилагьи бачун магlарде инее кlоларелилан абула лъималаз.*

*Мугlрузде инее гlиял рехъаби къватlире рахъана. Гlи бачун инее хасго гъираялда вукlана Хlадис. Гьев гlорцlулев вукlинчlо Гlаримегlер беццун. Цlорорал иццалги, рагlал бихьулареб байданги кьер-кьерал тlугьдулгун хlанчlиги ругила дора. Гьениве Хlадис гьитlинаб мехалъ эменгун щун вукlана.*

*Макьилъ эбелги йихьун гьелде ахlделаго ворчlанаХlадис. Тlоцебесеб нух букlана Хlадисида жиндирго хварай эбел макьилъ йихьулей.*

*Гвангвара магIардасан баккулеб букIана бакъ. Цебего макьидаса рорчIун рукIана тIугьдул. ХIанчIазги наязги байбихьана ругьунаб хIалтIуде.ЧIахIаиццазухъги валагьун, пикрабазда вукIарав ХIадисица кибего бер щвезабуна.*

*ХIадурлъана рехъаде ине. Нухде рахъиналде хIухь бахъи гьабуна. ГIантIиб жаниблъи бихьизе кьурул рагIалдеги щвана, гIанкIал, цурдул дандчIвалилан хьулги букIана. ХIадис кутакалда вохун вукIана тIабигIаталъул берцинлъиялъухъ валагьизе щвеялдаса.*

## *6-БЕТIЕР*

*ХIадисги гьалмагъзабиги щвана ГIаримегIералъул цояб рахъалда бугеб борхатаб чармилабилан абулеб кьурул рагIалде. Гьеб бугоан гучаб бакъуца боркьун, цIадаца цIорозабун, лъадарарав нартасулаб керен гIадаб,залимаб гожо гIадин цо гIус батIалъараб.*

*Щибабжоялъ:гIедералсухъмахъаз,тIугьдуз,хIанчIаз,кьурабаз,накIкIаз,бацI цIадаб гьаваялъ ХIадисида ракIалде щвезабулеб букIана жиндирго лъимерлъиги эменги. Кьурул чохьонибе гIор чвахулеб,лъадал тIираби рахъ-рахъалде хъамулеб рагIаллъуде щвана анлъавго гьудул. Гьениб букIана борхатаб , балагьизецин хIинкъараб чвахи. Гьенисан рачIунел лъел тIирабазулъан бакъул чIораз нур лъугьинабун букIана.*

*ХIадисида ракIалде щвана тIоцебе жиндаго бихьараб тIабигIаталъул хIикмалъи-гIажаибаб хIинчI, кьер-кьерал хIулабиги ругеб, гIажаибаб букIана гьелъ ахIулеб кечIги: цин гьеб эштIолаан,цинги белъанхъулаан. Гьеб букIана гIансахIинчI. ХIадисида ракIалде ккана чанги чи вукIунин гьадинаб берцинлъиялде квер борхизе кIолеб. Гьесул анищ букIана рокьул тIегь балагьизе. Екьулелъе кьезе гуребха; тIабигаталде бугеб жиндирго рокьи цIунун, бищунго берцинаб бакIалда лъезе.*

## *7-БЕТIЕР*

*Хӏадис асkӏове щвараб мехалъ ,зобазул бацӏцӏадаб хъахлъиялда тӏасанги лъедон, бакъул хӏерчч Ичӏгохӏазул тӏогьиб лъалхъун хинаб,роцӏцӏараб.Хӏадис унев вукӏана магӏарул гьогьомиялде, иццазде, лъаразде рохьазда даиде. Гьесул пикраби рукӏана жиндирхирияб хьоилъалги, лъаралги, ганчӏалги , кьурабиги гӏунги тӏокӏалгиругеб ракьалде руссун, гьезде бугеб рокьи загьиргьабулел.Лъарада тӏасан бугеб кьоги бахун, меседил кьерал тӏугьдуз бахчараб магъилъ гӏодов чӏана Хӏадис.Рорхун рукӏана берцинаб махирохьоб ахӏулел хӏанчӏазул бакънал.Хӏадисил пикраби загьир гьарулел рукӏана кӏудияб лъаралъги, ризаб махирохьалъги, залимаб мегӏералъги,берци-берцинал хӏанчӏаз ахӏулел кучӏдузги.Хӏадис тӏаде вахъана.Гьев тӏугьдуз бахчараб авлахъалда цевесан ине лъугьана.Ахирги щвана гьев мурадалде.Батана гьесда рокьул тӏегь.Кидаго буссинаро гьесул рокьи гьаб гӏагараб ракьалдаса, гьаб берцинаб тӏабигӏаталдаса.*

## *XӀ.ХӀАЖИЕВ «РОКЬУЛ ТЕГЬ»*

### *ОТЗЫВ*

*Дица цӏалана Хӏусен Хӏажиевасул «Рокьултӏегь» абураб тӏехь. Дие гьеб цӏакъ бокьана, гьениб тӏабигӏаталъул гьайбатлъиги берцинлъиги бихьизабун бугелъул. Цӏакъголъикӏтӏехьалдасанбичӏчӏулеббугогьединабберцинлъицӏунизеккей.*

*Гьеб бичӏчӏула аслияв герой Хӏадисил тӏабигӏаталдехун бугеб бербалагьиялъ. Хӏадис живго цакъ вокьана дие. Гьев вуго гӏадамазул адаб гьабулев, гьалмагъзабигун лъикӏ вукӏунев, жиндаго цебе чӏараб иш тӏубазабун гурони чӏоларев вас. Рокьула гьесие мугӏрул, мугӏрузул гӏадамал, тӏабигӏат. Гьел мугӏрулгун, гьеб тӏабигӏатгун гурони, гьездаса ватӏалъун, цебе чӏезабизе кӏоларо жиндирго гӏумру. Гьелъин гьес рокьул тӏегьги балагьулеб бугеб, тӏабигӏаталдехун жиндирго кидагосеб рокьи цӏунизе, бищун берцинаб бакӏалда жиндирго рахъалъан лъезе. Дие диегоги цӏакъ бокьула тӏабигӏат, вокьуларо гьелда ругъунал лъолев чи. Гьединлъидал дие цӏакъ бокьана гьаб тӏехьги, гьалъул аслияв герой Хӏадисги.*

## *ОТЗЫВ*

*Дицаги цӀалана ХӀусен ХӀажиевасул «Рокьул тӀегь» абураб техӀь. Гьениб бицуна буго тӀабигӀат цӀуниялъулги,тӀабигӀаталде бугеб рокьиялъулги. Гьелдаго цадахъ тӀехьалъул байбихьудаса ахиралде щвезегӀан гьениб цӀакъго кӀеар бугеб цоги суал буго рагьулеб-гьеб буго гьудуллъи*

*ХӀадисги гьесул гьудулзабиги руго гьенир киса-кирего. Гьел руго батӀи-батӀиял гӀамал хасияталъул васал. Цолъун руго гьел щулияб гьудуллъиялъ. Гьезда кӀола бокьараб захӀмалъи къезабизе. Кирего гьел кидаго цадахъ уна: кьурабалъеги, ккаразе кумекалъеги, хъутаналдеги,магӀардеги. ТӀаде ккараб къо борхула гьез киназго цадахъ. ГьебгӀан хӀажатаб жо щиб бугеб? Гьудуллъиги вацлъиги гурищ нилъее хӀажатаб жо. Гьев ХӀадисги гьесул гьудулзабигӀадин рукӀине ккола нилъги. Гьезие тӀабигӀатги бокьула, гӀадамалги рокьула. Гьединал рукӀиналъ дие цакъ рокьана ХӀадисги гьесул гьудулзабиги. Гьудуллъи-гьеб буго тӀабигӀатги гӀаданги цӀунулеб къуват.*

*ИнхосаГӀалихӀажияв*

*ТӀАБИГӀАТБЕРЦИНАБЖО*

*ТӀабигӀатберцинабжо*

*Бицине цакъ бокьулеб*

*ЦӀунизе гьеб хӀакъабин,*

*ХӀисабтун къимат гьабе.*

*Вакъарасе гӀинтӀиги*

*ГӀолеб кванил бакӀалда*

*Кодолъи дагьлъараб мех*

*ДандчӀвани хӀажат бугеб.*

*Къимат гьабе гъутӀбузул,*